

KIJAN NOU EDE

Rapòte Diskriminasyon

Si ou te fè eksperyans oswa temwen diskriminasyon oswa arasman nan Vil New York, ou ka rapòte li lè w rele **212-416-0197**, oswa vizite **NYC.gov/HumanRights** epi itilize fòm Rapò Diskriminasyon an.

Mande pou Jwenn yon Atelye Gratis

Ou ka jwenn yon lis konplè atelye Komisyon yo nan. **NYC.gov/HumanRights**. Anplwaye Komisyon an ka adapte yon atelye pou satisfè bezwen odyans ou epi yo ka vini nan yon espas travay, kay adorasyon, òganizasyon abaz kominotè, konsèy kominotè, oswa lòt rasanbleman nan Vil New York pou prezante. Imèl nou nan **trainings@cchr.nyc.gov** pou planifye yon atelye.

Envite Komisyon an pou Pale nan Evènman Ou an

Ou ka mande pou anplwaye Komisyon an pale nan evènman yo oswa patisipe nan panèl oswa tab wonn diskisyon sou kesyon ki gen rapò ak diskriminasyon, arasman, dwa travay, dwa lojman, epi pou ankouraje konvèsasyon nan kominote a. Imèl nou nan **policy@cchr.nyc.gov** pou mande yon oratè.

Pou Jwenn Bwochi Komisyon an

Pou Telechaje oswa pou mande materyèl nan plizyè lang sou Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York la, vizite **NYC.gov/HumanRights** oswa kontakte nou nan **communications@cchr.nyc.gov**.

POU KONTAKTE NOU

Rele: **212-416-0197**

Vizite: **NYC.gov/HumanRights**

NYC Komisyon sou
Dwa Moun



NYC Komisyon sou
Dwa Moun


@NYCCHR

Ap Konbat Diskriminasyon
Depi 1955

KIYÈS NOU YE



KOMISYON SOU DWA MOUN NAN VIL NEW YORK

Komisyon an ranfòse Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York epi edike piblik la sou lwa a. Ekip nou an pale plis pase 30 lang diferan. Sa a reflekte vizyon Komisyon an ak misyon nan fason pou yo dwe yon resous gouvènman lokal ki reprezantatif, epi ki aksesib pou divès kominote yo ajans lan ap sèvi.

KISA LWA A YE



LWA SOU DWA MOUN NAN VIL NEW YORK

Lwa sou Dwa Moun Vil New York se youn nan lwa sou dwa sivil ki pi konplè nan nasyon an. Lwa a entedi diskriminasyon ak aselman nan travay, lojman, ak plas piblik ki baze sou seten kategori ki pwotege tankou ras, seks, laj, andikap, relijyon, orijin nasyonal ak anpil lot anko. Lwa a entèdi tou otorite ranfòsman lalwa kont arasman diskriminasyon ak pwofil ki baze sou patipri.

Lwa sou Dwa Moun Vil New York pwoteje w kont diskriminasyon si w ap viv, travay, oswa vizite Vil New York. Lwa a pwoteje ou tou si ou fè fas a vanjans poutèt ou rapòte yon ensidan diskriminasyon. Komisyon an pa kesyone moun sou estati imigrasyon yo. Aprann plis sou dwa ou nan: [NYC.gov/HumanRights](https://www.nyc.gov/HumanRights)

KISA NOU FÈ



Biwo ki Ranfòse Lalwa

Biwo ki fè respekte lalwa (LEB) mennen ankèt sou ka yo, negosye rezolisyon pou moun, ak pwosekite ka yo nan tribinal. Nan sèten sikonstans, LEB a fè entèvansyon ijan tou pou rezoud dispit yo pi vit. Komisyon an gen otorite pou bay lòd pou domaj monetè bay moun ki viktim de diskriminasyon yo, penalite pou vyolasyon lalwa, ak lòt solisyon adisyonèl tankou re-anbochaj, chanjman nan reglèman yo, fòmasyon, ak metòd jistis restoratif k ap benefisye tout kominote a.



Biwo Relasyon Kominotè

Biwo Relasyon Kominotè (CRB) ankouraje konpreyansyon ak respè nan mitan Nouyòkè yo epi edike Nouyòkè yo sou dwa yo ak obligasyon yo dapre Lwa sou Dwa Moun nan Vil Nouyòk atravè evènman, atelye, kontak kominotè, ak patenarya avèk òganizasyon lokal debaz nan kominote a, lekòl yo, ti biznis yo, ofisyèl eli yo, ak nan kay adorasyon yo. CRB regilyèman oganize reyinyon pou piblik la ak evènman pou diskite sou pwoblèm dwa moun ki afekte kominote yo. Ekip espesyalize CRB a pou Repons Enjis angaje manm kominote yo, lidè lokal yo, ak ofisyèl eli yo pou sipòte epi pou estabilize kominote yo apre yon ensidan enjis. CRB genyen tou pwogram pou jèn moun ki ka fèt nan lekòl yo epi nan asosyasyon avèk òganizasyon yo ki konsantre sou lajènès. Aprann plis nan [NYC.gov/HumanRights](https://www.nyc.gov/HumanRights).

